

Kisa Epatit A ye?



Epatit A se yon viris kontajye ki ka andomaje fwa a.

Kijan epatit A pwopaje?

- Konsome manje ki kontamine ak epatit A
- Viv avèk yon moun ki genyen epatit A
- Gen kontak seksyèl oswa entim avèk yon moun ki genyen epatit A
- Vwayaje nan peyi kote epatit A kouran

Kisa sentòm yo ye?

- Lajonis (po oswa je jòn)
- Doulè nan vant, kè plen, oswa dyare ki pa disparèt oswa ki vin pi grav
- Pipi fonse oswa poupou koulè gri

Kijan mwen kapab pwoteje tèt mwen kont epatit A?



Pran vaksen kont epatit A. Kontakte pwofesyonèl swen sante ou oswa vizite nyc.gov/healthmap/vaccines oswa rele **311** pou jwenn yon kote pou pran vaksen an.



Lave men ou ak savon ak dlo apre ou fin itilize twalèt, apre ou fin chanje kouchèt, epi anvan ou manje oswa manyen manje.



Si w panse ou te ekspoze oswa ou gen epatit A, pale ak pwofesyonèl swen sante ou. Pou w jwenn yon pwofesyonèl swen sante, kèlkeswa estati imigrasyon oswa asirans ou, rele **311** oswa kontakte NYC Health + Hospitals nan 844-692-4692 oswa [expresscare.nyc](https://www.expresscare.nyc).



Pou w jwenn plis enfòmasyon, vizite nyc.gov/hep-a.